



**SUMATIF AKHIR SEMESTER GANJIL MADRASAH IBTIDAIYAH PSM NGALE
MI PSM NGALE**

Mata Pelajaran : BAHASA JAWA

Hari/Tanggal :

Kelas/Semester : 4 / Ganjil

Waktu :

I. Pilihlah salah siji wangsulane kang paling trep !

1. Sing klebu jinise geguritan yaiku
 - a. Gagrag lawas lan tuladha
 - b. Gagrag anyar lan pamilihing tembung
 - c. Gagrag anyar lan gagrag lawas
 - d. Gagrag laas lan pamilihing tembung

Wacanane teks geguritan ing ngisor iki kanggo mengsuli pitakon nomer 2-6

Mangsa Ketiga
dening Alina Sukesni

Ing tengah sawah
Kang urung enek tanduran
Bocah-bocah pada ngumbulke layangan

Tak sawang-sawang
Aku mesam-mesem dhewe
Banget polahe amrih mumbul layangane

Semono uga awakku
Donga, makarya
Ngupaya katekan gegayuhanku

2. Irah-irahan geguritan ing dhuwur yaiku

a. Ing tengah sawah	b. Alina Sukesni	c. Mangsa Ketiga	d. Gegayuhanku
---------------------	------------------	------------------	----------------
3. Pada kapisan dumadi saka gatra

a. 1	b. 2	c. 3	d. 4
------	------	------	------
4. Tegese *mangsa ketiga*, yaiku

a. mangsa nalika ora ana udan	c. sasi Maret
b. mangsa sing lakune telung sasi	d. sasi Mulud
5. Latane geguritan kasebut ana ing

a. dalan	b. lapangan	c. sawah	d. toko layangan
----------	-------------	----------	------------------
6. Jeneng liyane pacelathon, yaiku

a. Sesorah	b. dhialog	c. wara-wara	d. pawarta
------------	------------	--------------	------------
7. Pacelathon iku paling sithik ditindakake dening wong.

a. Siji	b. loro	c. telu	d. papat
---------	---------	---------	----------
8. Pawongan sing diajak guneman ing pacelathon diarani

a. pamedhar sabda	b. pamicara	c. mitra tutur	d. panutur
-------------------	-------------	----------------	------------

9. Ukara ing ngisor kang migunakake ragam ngoko lugu yaiku ...
 - a. Kowe wingi neng ngendi?
 - b. Mbak, aku nyuwun jajan meneh.
 - c. Ibu kesah nyambut damel.
 - d. Ibu tindak dhateng Surabaya
10. Ngirit energi iku kuwajibane
 - a. Siswa
 - b. guru
 - c. wong tuwa
 - d. kabeh wong
11. Ing ngisor iki energi kang diasilake dening bumi, *kajaba*
 - a. gas
 - b. lenga pet
 - c. bensin
 - d. jajan
12. Cita rakyat iku disebarake kanthi cara
 - a. tulis
 - b. lesan
 - c. seratan
 - d. tulisan
13. Irah-irahan ing ngisor iki kang klebu cita rakyat, *kajaba*
 - a. Dumadine Kutha Wonogiri
 - b. Jaka Kendhil
 - c. Kebo lan Baya
 - d. Macan Sumatra
14. Ing ngisor iki klebu cita legendha, yaiku....
 - a. Jaka Kendhil
 - b. Kancil lan Macan
 - c. Nyi Roro Kidul
 - d. Dumadine Kutha Pacitan
15. Jaka Tingkir, airlangga, lan Cindhe Laras, klebu jinis cita
 - a. Legendha
 - b. sage
 - c. fabel
 - d. mitos
16. Sing diarani alur, yaiku
 - a. idhe pokok kang dadi dhasar cita
 - b. papan, wektu, lan kahanan cita
 - c. pawongan sajrone cita
 - d. urutan urutane prastawa sajrone cita
17. Objek dirinci kanthi sacetha-cethane iku titikane karangan
 - a. dheskripsi
 - b. narasi
 - c. eksposisi
 - d. argumentasi
18. Karangan narasi iku biyasane nganggo tembung-tembung
 - a. Kawi
 - b. padinan
 - c. angel
 - d. endah
19. Teks kang wektu, panggon, lan kahanan sosial bisa owah iku diarani teks
 - a. narasi
 - b. dheskripsi
 - c. eksposisi
 - d. argumentasi
20. Menawa arep liburan kulawarga, kutha Malang bisa dadi papan plesir kang wigati. Kutha Malang pancen misuwur dadi salah sawijine kutha wisata ing Jawa Timur. Papan wisata kang ana ing Malang antarane, yaiku Kampung Warna Jodipan, Jatim Park, Museum Angkut, Alun-Alun Kutha Batu, Alun-Alun Kutha Malang, Taman Selecta, lan sapanunggalane.
Tembung *misuwur* padha tegese karo
 - a. diarani
 - b. dikenal
 - c. kawentar
 - d. kasebut
21. Njagakake endhoge blorok, padha karo
 - a. Ngarep-ngarep barang sing wis genah
 - b. Ngentene barang sing ana ing meja
 - c. Ngenteni barang sing durung karuan
 - d. Ngenteni udan ing mangsa rendheng
22. Wong kang pagaweyane nglakokake wayang diarani
 - a. dhalang
 - b. niyaga
 - c. pandhe
 - d. mandhor
23. *Aku nonton wayang ana ing kelurahan.*
Basa kramane **nonton**, yaiku
 - a. ningali
 - b. mirengake
 - c. ngendikan
 - d. ngagem

24. **Lawang iku tutupan !**

Ukara ing dhuwur klebu ukara

- a. pitakon b. pakon c. tanggap d. tanduk

25. Ing ngisor iki sing ora klebu jinis wacan dheskripsi, kajaba

- a. dheskripsi campuran
b. dheskripsi subjektif
c. dheskripsi spasial
d. dheskripsi objektif

26. Teks wacan kang ngandharake kedadayan kanthi urut (kronologis), yaiku

- a. dheskripsi b. narasi c. argumentasi d. persuasi

27. Bagean teks narasi sing paling pungkasan diarani

- a. orientasi b. komplikasi c. resolusi d. koda

28. Gambar ing ngisor iki nuduhake pagaweyan

- a. konduktor c. petani
b. nelayan d. sopir



Semaken teks ing ngisor iki, kanggo mangsuli pitakonan nomer 29-30 !

Saben dina, bapake Jamal tindak menyang rumah sakit.
Pagaweyane bapake Jamal ngobati lara.
Saben pasien siji mbaka siji diperiksa banjur diwenehi resep kanggo nebus obat.

29. Pagaweyane bapake Jamal yaiku

- a. masinis b. tentara c. polisi d. dokter

30. Sing digunakake kanggo nebus obat yaiku

- a. kwitansi obat b. resep obat c. tulisan obat d. nota obat

II. Wangsulana pitakon-pitakonan ing ngisor iki kanthi bener !

1. Apa wae bab-bab kang kudu digatekake nalika maca geguritan ?
2. Golekana tegese tembung-tembung ing ngisor iki!
a. jaler b. estri c. surya
3. Tembung ing ngisor iki dadekna basa ngoko !
a. asma b. asta c. ngunjuk
4. Jlentrehna kang diarani pacelathon !
5. Apa kang diarani panutur lan mitra tutur ?
6. Gawea pacelathon kanthi tema bebas !
7. Tulisen titikane crita rakyat !
8. Sebutna jinise crita rakyat !
9. Tulisen bedane teks narasi lan teks dheskripsine !
10. Gaweya karangan dheskripsi babagan anggota kulawargamu (bapak/ibu/mbakyu/ kangmas/adhik)!